

**АДÆЙМАГ ÆХУÆДÆГ КУ НÆ АРХАЙА, УÆД ÆЙ АМОНДГУН НЕКЕ ИСКÆНДЗÆНÆЙ!..**

*Эжен ИОНЕСКО (1909-1994), францусаг драматург: «Æрхæндæг мин мæ уод бундзарæй ласуй. Цæрунæн ма мин ци минкъий рæстæг байзадæй, уомæн ци кæнон, куд кæнон?.. Нецибал мæ тавуй...» Уæхæн уавæри ка бахауа, еци адæймагæн фæййагъаз кæнун устур æвсапæ æй æма æ исаразунбæл ба ни бæргæ алкедæр рæстуодæй ку архайидæ...*

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№31 (902) 2023 анзи 19 август – сухи мæйæ

Аргъ 1 туман



Сæ нисанеуæг агъазиау кæмæн æй æма лæмбунæг æргом раздахун æнæмæнгæ кæмæ гъæуй, уæхæн дууæ бони бæрæггонд цæудзæнæнцæ нæуæг къуæрей. Сабати, 19 августи - гуманитарон агъази Еугурдуйнеуон бон, æртиккæги, 23 августи ба – рæдаузæрдæдзийнадæ æма хуæрзауодундзийнади Еугуруæрæсеуон Бон. Нæ хæццæ исарази уодзинайтæ уомæй, æма аци дууæ цауи дæр ни гъæуама алкедæр æ зæрдæмæ хæстæг райса, æма ке бон куд æй, уотæ барæвдауа абони тухст уавæрти æма агъазгъæуагæ ка 'й, уони. Уомæй нæхецæн дæр уодæнцойнæ æрхæсдзинан... Ма бавгъау кæнетæ уой туххæй уæ равгитæ...

**НÆ РАГФИДТÆЛТИ ФÆДЗÆХСТ: «СОДЗИС – УÆД АДÆМИ ТАВИС, ХЪУÆЦÆ КÆНИС – СÆ ЦÆСТИТÆ СИН КЪАХИС!..»**

# ХУАРЗ РАКÆНУН УОДИБÆСТÆ ÆЙ!..



## ХЕСТÆРТИ УОДÆНЦОЙНÆН

Чиколайаг хестæр цæргутæй еу æй 93-анздзуд **Дедегкати Хушин**. Хумæтæги фæллойнæгæнæг, уой фæстаг æнзти айдагъ нæ республики нæ, фал уомæй идарддæр рауæнти дæр ма базудтонцæ æ дессаги искурдиади фæрци – хъæбæр зæрдæмæдзæугæ фæззаруй аллихузон зартæ. Мæнæ хуæрзæрæги бабæй барохс кодта, æ райгурæн гъæуи Социалон фонди хайадæ байгон кæнуни фæдбæл арæзт мадзали ци дзиллæ æрæмбурд æнцæ, уони зæрдитæ. Аци центр ке фæрци арæзт æрцудæй, уонæн райарфæ кæнгæй, Дедегкай-фурт разардта æ уарзондæр зар «Катюша». Уой туххæй ин хъæбæр зæрдиагæй райарфæ кодта нæ республики Социалон фонди разамонæг **Тæболти Сергей** – е архайдта центр байгон кæнуни фæдбæл арæзт мадзали. Архайдтонцæ ма си Ирæфи районы администраций сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Гогати Аслæнбег**, районы паддзахадон уагæдæнтти минæвæрттæ. Цитгиндæр архайгутæ ба си иссæнцæ, аци центр ке хуарзæн æма æхцæуæндзийнадæн арæзт æрцудæй, еци хестæртæ.

3

**НÆ УОДВАРНИ ХÆЗНАТÆ**



**ХЪИРГЪУТИ-ТОТООНТИ Фатимæ,**
педагогон наукити доктор, профессор

## ХЪИРГЪУТИ РОХСИТАУГУТИ ФÆЛТÆРТÆ

Нæ паддзахади Президент Владимир Путини бардзурдмæ гæсгæ 2023 анз Уæрæсей нимад æрцудæй ахургæнæг æма гъомбæлгæнæги Анзбæл. Аци æнæмæнгæ ахсгиаг æргъудиддзийнади сæйраг нисан ба æй ахургæнæги æма гъомбæлгæнæги ахедундзийнадæ фæббæрзонддæр кæнун.

Нæ адæми 'хсæн уæлдай кадгиндæрбæл рагæйдæр нимад фæуунцæ, ахургæнæг æхуæдæг дæр, уæдта ци бийнонти 'хсæн фæууй, етæ дæр. Уæлдайдæр ба ма еу бийнонти, еу ахили цалдæр ахургæнæги ку уа, уæд е ба фæлтæрæй-фæлтæрмæ исуй дзиллæн нифсдæттæг æма сæ разæнгардгæнæг. Æма еци хуарздзийнади хабæрттæ ба гъæуама зундгонд уонцæ нæ дзиллæн.

Рохситаугути цалдæр фæлтæремæй зундгонд æй **Хъиргъути** муггаг дæр. Æма нæ абони дзубанди дæр уой фæдбæл æй. Аци муггаги 'хсæн ци берæ ахургæнгутæ-гъомбæлгæнгутæ адтæй æма нерæнгæ дæр ес, уонæн сæ бундорæвæрæг, зæгъун æнгъезуй, иссæй **Хъиргъути Тæтæрий фурт Хæдзирæт**. Æ кари адтæй, уотемæй исфæндæ кодта скъоламæ бацæун æма еумæйаг ахурадæ райсун. Æма уоййасæбæл хуарз ин ке 'нтæстæй, уомæ гæсгæ фараст къласи каст ку фæцæй, уæд æй иснисан кодтонцæ райдайæн кълæсти ахургæнæгæй. Фæсауонмæ Новочеркасски педагогон техникум каст фæууогæй ба 'й Дур-Дури райдайæн скъолай директорæй исфедар кодтонцæ.

Хæдзирæт, ахургæнæги искурдиадæ Хуцауæй лæвæрд кæмæн фæууй, уæхæн лæг адтæй. Кæстæр фæсевæдæн дæнцæн хæссуйнаг, курухон хестæр. Устур Фидибæстон тугъд ку райдæдта, уæд Хæдзирæт дæр немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тохмæ рандæуйнаг бæргæ адтæй, фал æй æ уæди кусти гъæундзийнадæмæ гæсгæ нæ уагътонцæ, сæрмагонд гæгъæди (бронь) дæр ма ин равардтонцæ. Фал, цидæр адтæй, уæддæр 1941 анзи гъæубæсти фиццаг тугъдонти хæццæ рандæ 'й тогкалæн тугъдмæ. Уæлахез æй æрæййафта Болгарий. Сæрæгасæй сæхемæ исæздæхгæй, æ царди фæстаг бæнтти уæнгæ райдайæн къласти ахургæнæгæй фæккуста Дур-Дури скъолай.

Хæдзирæти æ дæсниадæй бафæнзтонцæ æ дууæ хуæри **Асиат æма Назянкæ** дæр. Дзæвгарæ рæстæгути фæккустонцæ адæмон ахуради къабази. Асиат адтæй сувæллæнтти рæвдауæндони гъомбæлгæнæг, Назянкæ ба райдайæн къласти ахургæнæг, фиццаг сæхемæ, Дур-Дури, уой фæсте ба Горæтгæрон районы.

Æ фиди надбæл рацудæй **Хæдзирæти кизгæ Валя** дæр. Дууинсæй анземæй фулдæр фæккуста ахургæнæгæй Хæзнидони астæуккаг скъолай.

4-5

http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

***Гъæуун медицинон уагæдæнттæ дæсни косгутæ гъæуагæ цæмæй ма æййафонцæ, уой туххæй нæ республики идарддæр æнхæстгонд цæуй программæ «Земский доктор», «Земский фельдшер». Аци анз гъæуама бафинсонцæ 24 бадзурди дохтирти æма дуккаг астæуккаг цæги медицинон косгути хæццæ. Финст бал æрцудæй фараст бадзурди.***

## НАЦИОН ПРОЕКТТÆ

Цæгат-Кавказаг федералон зилди Уæрæсей Президенти Æнхæстбаргин минæвари хуæдæййевæг Максим Владимиров нæ республики косæг балций уогæй, уотæ загъта: «Национ проекттæ царди рауадзунбæл Цæгат Иристони ци куст æнхæстгонд цæуй, уой фæдбæл æрхæсдзæнæн мæнæ ауæхæн нимæдзтæ: национ проекти уагæвæрдмæ гæсгæ 2023 анзи нисангонд куститæн июли кæронмæ æнхæстгонд æрцудæй сæ 92 проценти. Республики идарддæри социалон-экономикон райрæзти мадзæлттæн фиццаг кезуй национ проекти фæлгæти 2023 анзи нисангонд цæуй 9 миллиард сомемæй фулдæр исхарз кæнун. Еци проектти уагæвæрдмæ гæсгæ нуртæккæ республики арæзт æма бундорон æгъдауæй цалцæггонд цæунцæ социалон æма инженерон инфраструктури 150 объектемæй фулдæр.

## АРÆЗТАДÆ



Алагири районi рæхги гъæуама бавналонцæ минкъий гидроэлектростанцæ «Фæранк» арæзунмæ. Æ еумæйаг гъомусадæ уодзæнæй 4,8 мегаВольти æма электрон тухæй ефтонг кæндзæнæй дууæ минемæй фулдæр хæдзари. Куд нисангонд цæуй, уотемæй аци кустати фæрци республики бюджетмæ анзмæ æфтуйдзæнæй финддæс æма инсæй миллион соми. Гидроэлектростанций куст экологон æгъдауæй уодзæнæй æдасгонд.

Проектмæ гæсгæ исараздзæнæнцæ кæсæлгитæн бацæуæнтæ (ГЭС-и алфамбулай фæзуæттæ дони буни куд нæ фæуууонцæ, уотæ). Уомæй уæлдай, гидроэлектростанцæй ист æфтуйаги хай бахарз кæндзæнæнцæ фæранкти нимæдзæ Иристони фæффулдæр кæнуни гъуддагбæл.

## НÆДТÆБÆЛ ÆДАСДЗИЙНАДÆ



Нæ нæдтæбæл, уæлдайдæр ба фестæгæй цæуни къахнæдтæбæл æгæр ке исберæ 'нцæ электрохуæдтолгитæ (электросамокаттæ) æма уони фудæй фидбилизтæ ке исахид æнцæ, уой фæдбæл фæстаг рæстæги фулдæрæй-фулдæр дзурдæуй. Зæгъæн, аци анзи æмбеси бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, уони фудæй æрцæуæг фидбилизти бæрцæ исирæзтæй 183,2% - уони хæццæ исцурæвæрæ унæй гъигæдард æрцудæнцæ 1043 адæймаги, 432 си сувæллæнттæ. Фæммард уни цаути бæрцæ 100% фæффулдæр æй – аци анзи фиццаг æмбеси фæммард æнцæ 12 адæймаги. Аци хабæрттæ игъосун кæнуй нæ бæсти медгъуддæгти Министради нæдтæбæл цæуни æдасдзийнади Наукон центр.

## ХУАРÆФСНАЙÆНТÆ

### НÆ ГОМТÆ ИДЗАГ УОДЗÆНÆНЦÆ ХУАРЗ ТИЛЛÆГÆЙ

Цæгат Иристони идарддæр цæунцæ хуарæфснайæн куститæ. Зæнхикустгæнгутæн агъаз кæнуй бонигъæдæ дæр – архайунцæ тагъддæр фæуунбæл.

Къуæрей райдайæнмæ æфсергун хуартæ æма тумбулхъæдорæ æфснайд æрцудæй 44,6 мин гектаремæй фулдæр фæзуатбæл. Уордигæй æмбурдгонд æрцудæй 125,8 мин тонни тиллæг. Рæстæмбес хуарæрзад аци анз фарæй фулдæр рауадæй – гектарæй 34 центнери. Нæ региони тæвдæ рæстæг ке искодта, е рæстмæ фæззиндтæй хуари хуæрзгъæдæдзийнадæбæл – дæргъæвтийнæ уарунти ци уомæладæ район, е дзæбгарæ фæмминкъийдæр æй.

Мæздæги, Кирови æма Рахесфарси районти зæнхкосгутæ æнцæ раззагдæртæ, куд хумзæнхи фæззæгæттæ бафснайунæй, уотæ, ци хуар æркарстонцæ, уой еумæйаг хуарæрзадæй дæр. Еци районти нуриуæнгæ æфснайд æрцудæй æфсергун хуарти фæзуæттæн сæ 95 процентемæй фулдæр. Бæрзонддæр бæрæггæнæнтæ райсун бантæстæй Кирови æма Рахесфарси районтæн – уоми æрæмбурд кодтонцæ гектарæй 35 центнеремæй фулдæр.

Фæззигæндæ æма уалдзигæндæ мæнæуæ æфснайд æрцудæй 77 мин гектаремæй фулдæр фæзуати. Æринайæ си кодтонцæ 105,1 мин тонни, æ хуарæрзад – 33 центнери гектарæй. Бафснайдтонцæ ма 6 мин гектари хъæбæрхуар – æ рæстæмбес хуарæрзад – 31 центнери гектарæй. Тумбулхъæдорæ дæр еу мин гектари фæзуати æфснайд æрцудæй, райстонцæ си дууæ мин тонни, æ хуарæрзад – 20, 1 центнери гектарæй.

Уой уæлæнхасæн ма аци бæнтти Мæздæги æма Рахесфарси районти æфснайд фæуууодзæнæнцæ рапс. Нуриуæнгæ бал 12,5 мин гектаремæй исæмбурд кодтонцæ еу гектарæй 20,8 тонни. Зетий культурæ аци анз туд æрцудæй 13 мин гектари.

Уæ зæрдæбæл уин æрлæуун кæндзинан: аци анз цæгатиристойнаг зæнхкосгути бафснайун гъæуй 150 минемæ хæстæг гектареми æфсергун хуартæ æма æндæр культурти тиллæг.



## НАУКÆ ÆМА КУСТАДÆ




БИТАРТИ Вячеслав форуми æ радзубандий зæрдиагæй райарфæ кодта æ архайгутæн, уæдта æ исаразунбæл æновудæй ка байархайдта, уонæн.

# ЕУМÆЙАГ ХЪАУРИТÆЙ АРХАЙДИ ФУЛДÆР ÆНТÆСУЙ

Цæгат Иристони æ куст кæнуй картофи хуæрзмуггаг цæттæ кæнуни фарстати фæдбæл Æхсæнадæмон наукон-практикон форум. Аци ахсгиаг мадзалæн æ нури исарæзт æй юбилейон – фиццагидæр арæзт æрцудæй дæс анзей размæ, уой дæр компанити къуар «Бавари»-й хъæппæресæй. Æма уой бундорæвæрæг **Битарти Вячеслав** уотæ зæгъуй:

– Ка 'й зонуй, дæс анзи цæрди берæ нæ 'нцæ, фал картофи кусти уал анзи бахарз кодтан муггаги еу хузæ рауадзунбæл. Уал анзи хъæппæресгин адæми хæццæ æвæллайгæй кустан, цæттæ кодтан дæсни специалисттæ, уой хæццæ, фæсарæнти дæр. Исаразтан æма нур æнтæстгинæй косуй хуæрзмуггаг картофи селекцион нæуæг центр. Фæлварæ фæззиндтæй Уæрæсей берæ регионти фермерти 'хсæн коопераций тухххæй проект. Сауæнгæ 2030 анзи уæнгæ косдзæнæй сæрмагонд программæ. Дæс анзей дæргъи нæ хæццæ æмгуст ка кæнуй, нифсгун æма нæ разæнгард ка кæнуй, уонæй боз ан, зæрдиагæй син арфæ кæнæн. Берæ нин бантæстæй, уомæй устурдæр ихæстæ ба æвæрæн нæ размæ æма æмгустмæ хонæн, картофи куст кæнунмæ цæттæ ка 'й, еци хæдзарæдти.

Аци анзи форум исаразгутæ бабæй иссæнцæ Уæрæсей гъæуон хæдзаради министрадæ, картоф æртасуни Федералон центр, картоф æма халсарти базарадон Цæдеси æма иристойнаг игъустгонд компани «Фат-Агро».

Форуми архайгутæ æрдзубанди кæндзæнæнцæ уæрæсейаг картофи муггаги кустгæнæг фермерти 'хсæн æмгустадæ æма коопераци рапарахат кæнунбæл.

Нæ бæсти 50 регионей 130 картофикустгæнæг кустуатей минæвæрттæ, ахургæндтæ, селекционертæ базонгæ уодзæнæнцæ селекцион-муггæгти Центри кусти, нæуæг технологитæ, хуæнхбæсти уавæрти картофи муггаг куд зайун кæнунцæ, еци фæлтæрддзийнади хæццæ. Фæууиндзæнæнцæ нуриккон технологитæ æнхæст кæнгæй, картоф куд æвзарунцæ, уæдта, хуæрзмуггаг картоф æндæр рауæнтæмæ æрветунæн куд цæттæгонд æма æфснайд цæуй, уой дæр.

Мадзал игон кæнуни фæдбæл æмбурди æ радзубандий Битарти Вячеслав зæрдиагæй райарфæ кодта форуми еугур архайгутæн дæр, уæлдайдæр ба нæ фидибæстаг картофи кусткæнуйнади къабази хестæр **Борис Анисимовæн** æма **Сергей Маланичевæн**, республики æма Горæтгæрон районi разамундæн.

Цæгат Кавказаг федералон зилди Уæрæсей Президенти Æнхæстбаргин минæвар **Юрий Чайкайи** номæй форуми архайгутæн райарфæ кодта Цæгат Иристони федералон инспектор **Сергей Гончаров**.

Цæгат Иристони гъæууон хæдзаради министри хуæдæйевæг **Къадзати Игорь** фæнни сан кодта, гъæууон хæдзаради къабазæ нуриуæнгæ æнтæстгин къахдзæфтæ ке кæнуй, уой.

– Еумæйаг хъæуритæй архайгæй, не 'ргом раздахтан картофи селекцимæ. Ес нæмæ растауйнаг гъуддæгутæ. Æнтæстдзийнадæбæл банимайæн ес, Цæгат Кавкази муггæгути селекцион центр ке байгон æй, уой. Кустуат дзуапп дæттуй еугур нуриккон домæнттæн, æмбал кæмæн нæййес, уæхæн хуæрзмуггаг картофи хузтæ цæмæй фæззиннонцæ, уомæн си ес гъæунгæ ефтонггарз æма дæсни специалисттæ. Лабораторийæн ес еугуруæрæсеуон нисанеуæг, – загъта Къадзай-фурт æма райарфæ кодта «Фат-Агро»-й генералон директор **Битарти Зелимханæн**.

Горæтгæрон районi цæргути номæй форуми архайгутæн æгасцо загъта районi сæргълæууæг **Гаглойти Алан**. – Æхцæуæн мин æй, агъазиау, нуриккон æмбал кæмæн нæййес, уæхæн кустуат нæ районi ке æрбунæттон æй, е. Нифс ма нæмæ ес, æ федæн рæсугъд ке уодзæнæй, уомæй.

Æмбурди ма радзубанди кодтонцæ Уæрæсей «Россельхозцентр»-и муггæгти хайади хецау **Олеся Андреева**, картофи кустгæнгути Цæдеси аппарати сæргълæууæг Татьянæ Губина, æндæр бæрнон косгутæ.

Æмбурди архайгутæ цæмæдесæй бакастæнцæ, компани «ФатАгро»-й архайди тухххæй кинонивæмæ.

Фæстæдæр алкæмæндæр фадуат адтæй æ гъудитæ, æ фæндитæ зæгъунæн.

Форуми фæткæмæ гæсгæ арæзт æрцæудзæнæй аллихузон мадзæлттæ. Зæгъæн, æ архайгутæ бабæрæг кæндзæнæнцæ, 2500 метри бæрзæнди Уæллаг Згиди хуæрзмуггаг картофи хузти питомник дæр.



***Каргун адæймæгутæмæ æма бауæригъæдæй сахъат адæймæгутæмæ дæргъвæтийнæ рæстæги зелуни системæ гъæуама 1 сентябрæй фæстæмæ нæуæггонд æрцæуа Цæгат Иристони. Зæгъун гъæуй уой, æма аци гъуддаг æнхæстгонд цæуй национ проект «Демографи»-й федералон программæ «Хестæр фæлтæр»-мæ гæсгæ.***





# ХУАРЗ РАКÆНУН УОДИБÆСТÆ ÆЙ!..

Тæболти Сергей æ радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй хестæр фæлтæри минæвæртти бастдзийнади центртæ нæ бæсти алли регионти игон кæнунцæ Социалон фондти бундорбæл. Сæ сæйрагдæр нисан – хестæр фæлтæрбæл ауодун æма син сæ цардиуаги уавæртæ фæххуæздæр кæнун, цæмæй цардмæ сæ цæмæдесдзийнадæ ма нидæн кæна. Уæхæн центр Иристони фиццаг байгон æй аци анзи тæккæ райдайæни Æрæдони Социалон фонди клиентон служби бундорбæл.

Центри нисанеуæг æй, цæмæй хестæр фæлтæри минæвæрттæн сæ уæгъдæ рæстæг удæнцойнæй æрветунæн, сæ зонундзийнæдтæ æма аллихузон исфæлдистадон искурдиæдтæ раргом кæнунæн син уæлæнхасæн гæнæнтæ æма равгитæ кæми уа, уæхæн рауæн:

– Федарæй ни æруагæс кæнуй е, æма ами нæ хестæртæ сæхецæн ке иссердзæнæнцæ зæрдирай нæуæгдзийнæдтæ æма æхцæуæндзийнæдтæ.

Цæмæй центр æнтæстгинæй архайа, уой туххæй Социалон фонд æмгуст кæндзæнæй Ирæфи районы разамунди, республики банкти, æхсæнадон организацити æма бархеуонти хæццæ. Ами арæзт цæудзæнæнцæ аллихузон тематикон мадзæлттæ, фембæлдтитæ, финансон æма компьютерон ахуртæ. Уой уæлæнхасæн ма центри иуазгутæн фадуат уодзæнæй аллихузон хейерхæфсæн гъæзтитæй рагъазунæн, нури цаутæ æма хабæртти фæдбæл радзубанди кæнунæн æма æндæр гъуддæгутæн.

Хестæрти номæй центр исарæзти туххæй райарфæ кодта пенсиесæг **Баймæтати Эммæ**:

– Хъæбæр æхцæуæн нин æй, нæ фæлтæрддзийнадæй иннети дæр кæми фæххайгин кæнæн, нæ уæгъдæ рæстæг кæми рарветæн, уæхæн бунат нур нæ райони дæр ке фæззиндтæй, е. Алли кари дæр адæймаги фæффæндуй разæнгардæй архайунгъон ун, æхсæнадæн пайда хæссун, æма хъæбæр боз ан, æгайтима нин уæхæн фадуат фæззиндтæй.

Райони цæргутæн центри байгон æцæгæй устур цийни бæрæгбон иссæй, никки ба ма 'й исфедаун кодта агъазиау концерт, кæцими сæ арæхстдзийнадæ равдистонцæ аййевадон къуæрттæ, хецæн хуæдахур артисттæ.

*Центр косдзæнæй Чиколай, Махъоти Алихани гъæунги 29-аг хæдзари, авдисæрæй майрæнбони уæнгæ.*



## ПЕНСИТÆ – САХЪАТ АДÆМÆН

Уæрæсей Социалон фонди цæгатиристойнаг хайадæ аци анзи райдайæнæй нуриуæнгæ мин сахъат адæймагемæй фулдæремæн иснисан кодта сæрмагонд фæдзæхстадон æма социалон пенситæ.

Фонди регионалон хайади пресс-службæ æ игъосункæнуйнаги куд фæббæлвурд кодта, уотемæй еци адæмæн еугур феддонтæ дæр иснисан кодтонцæ сахъат адæми Федералон реестри бæрæггæнæнти бундорбæл (гъома, адæймаги Социалон фонди хайадæмæ цæун нæ багъæудзæнæй).

Нæуæг фæтки бундорбæл сахъат адæмæн пенситæ нисангонд цæунцæ, медикон-социалон экспертизи бюро Социалон фондмæ ци бæрæггæнæнтæ бадæттуй, уони бундорбæл. Бюро фондмæ барветуй игъосункæнуйнаг, еу кенæ иннæ адæймагæн сахъатдзийнади кæци къæпхæн лæвæрд æрцудæй, уой туххæй. Уой фæсте Социалон фонд адæймагæн пенси иснисан кæнуй æма имæ рарветуй æ пенсиони феддони бæрци туххæй электрон кенæ гæгъæдибæл финстæг.

Сахъат адæмæн пенситæ иснисан кæнунæй уæлдай, фонд æнхæст кæнуй амунд къуари минæвæрттæн æндæр социалон пособитæ нисан кæнуни æма федуни куст дæр.

*Сахъат адæймагæн фæдзæхстадон пенси федуни туххæй еугур фарстатæ дæр бадæттæн ес Социалон фонди регионалон контакт-центрмæ уæхæн телефонæй: **8-800-200-07-81** (косуй 9 сахаттемæй 18 сахаттей уæнгæ, майрæнбони ба – 9 сахаттемæй 16 сахатти æма 45 минуттей уæнгæ).*

## ЦÆРÆНУÆТТÆ – ГЪÆУАГÆ ÆЙЙАФÆГ БИЙНОНТÆН

«Цæрæнуæттæ уæрæсейаг бийнонтæн», зæгъгæ, программæмæ Цæгат Иристони хаст æрцудæнцæ 750 бийнонти. Абони уæнгæ уонæй 230 бийнонти райстонцæ нæуæг цæрæнуæттæ. Уой хæццæ ба никкидæр ма арæзт цæудзæнæй 200-фатерон хæдзарæ, программи номхигъди ма ка 'й, еци адæмæн си фатертæ раттуни нисанеуæгæй. Æз байхæс кодтон арæзтадæ æма архитектури Министрадæн, цæмæй сæ цæстæ даронцæ аци фарстамæ, - загъта Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис**. Куд ма фегъосун кодта, уотемæй Устур Фидибæстон тугъди æма сæрмагонд æфсæддон операций ка фæссахъат æй, уонæн социалон лæггæдтæ бакæнуни туххæй федералон бюджетæй дехгонд æрцудæй дууинсæй миллион соми æхца. Еци фæрæзнитæ харзгонд цæудзæнæнцæ федералон координацион центрти арæзтадæбæл.

## СÆРМАГОНД ФОНДИ АРФИАГ АРХАЙД

Куд зонæн, уотемæй нæ республики арфиаг гъуддаг æнхæст кæнуй сæрмагонд паддзахадон фонд «Фидибæстæ гъæуайгæнгутæ». Æ сæйраг ихæс æй сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ æма сæ бийнонтæн берæвæрсуг агъаз кæнун.

Филиал косун ци бон райдæдта, еци бонæй нуриуæнгæ е специалисттæ аллихузон гъуддæгути фæдбæл райстонцæ 500 курдиадемæй фулдæр. Не 'фсæддон службæгæнгутæн æма ка фæззиан æй, еци бæгъатæрти бийнонтæн æвæстеуатæй цæмæй агъазгонд цæуа, уобæл еугур гæнæнтæй дæр архайд цæудзæнæй идарддæр дæр.

*Амунд фондмæ бадзорæн ес телефонæй: **8 (8672) 54-88-89.***

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ!..



Еу фермер кодта нартихуари куст. Æма алли анз дæр хуарз нартихуар æрзайун кæнидæ, уомæ гæсгæ ба аллихузи конкурсти рамолидæ. Куд дин æнтæсуй уæхæн нартихуар зайун кæнун, зæгъгæ æй, ку бафæрсиуонцæ, уæд син е дзуапп раттидæ:

– Мæ нартихуар ку 'ртонун, уæд ин æ хуæздæртæ равзарун муггагæн æма сæ мæ синхæгтæн байуарун.

– Æма етæ конкурсти дæ хæццæ ерис ку фæккæнунцæ, уæд син дæ нартихуæртти дзæбæхдæртæ цæмæн раттис?

Фермер бахудтæй мæма син уæхæн дзуапп равардта:

– Думгæ нартихуари ругæ еу рауæнæй иннемæ ке хæссуй, уой зондзинайтæ, гъай-гъай. Гъема мæ синхæгти зæнхæбæл лæгъуз нартихуар ку 'рзайа, уæд мæ хумтæ дæр хуарз тиллæг нæ ратдзæнæнцæ. Æз хуæрзгъæдæ муггаг байтаудзæнæн, е еу гъуддаг æй, фал гъæуама мæ синхæгтæ дæр уæхæн муггаг байтауонцæ. Æ хумæмæ ка куд базелдзæнæй, е ба æндæр хабар æй.

***

*Бæргæ, мах абони цардиуаги дзæхæрамæ дæр ескæцæй хецаудзийнади хуарз муггаги ругæ ку 'рбахъæртидæ, кæдимайди ба си æрзайидæ, абони нæ хъæбæр æхсицгæ ка гъæуй, уæхæн хуæрзгъæдæ тиллæг – паддзахади гъомусадæ æма си æ адæми хуарзбæл æновудæй архайæг хецауеуæггæнгутæ. Æндæра уотæ рауадæй, æма фæстаг берæ æнзти дæргъи Нигулæни хецаудзийнади дзæхæратæй нæмæ муггагæн ци ругæ æрбахъæртидæ, уой азарæй нæ хецаудзийнади дзæхæра хæмпæлгæрдæгæй байдзаг æй...Æма уомæй æй кæд æма кутемæти ма искæдзос кæндзинан?..*



**Владимир ВИНОКУР, Уæрæсей адæмон артист, «Фидибæсти размæ æскъуæлхтдзийнæдти туххæй» ин фиццаг къæпхæни орден раттуни фæсте загъта: «Уинетæ 'й, циуавæр бæстæ æй. Сауæнгæ ма будзæути дæр хуарзæнхгин кæнунцæ...»**

Будзæутæ æма уони хузæнттæн паддзахади агъазиау хуæрзеугутæ дæттун кæд бустæги раст нæй, уæддæр е уоййасæбæл тухстаг нæй. Уомæй кæмити фуддæр æй, дзæгъæлдзорæ будзæутæ, къæсибадæг «аййевадон» архайгутæ, давгутæй сенатортæ-депутаттæ ке райаразунцæ æма син нæ цардаразæг гъуддæгутæ аразун ку бабарæ кæнунцæ. Аразгæ ба сæ куд кæнунцæ, е ба ни æруагæс кæнуй нæ абони æгæрон берæ æгудзæгдзийнæдтæй.



**Василий ШПАК, Уæрæсей промышленности æма базаради министри хуæдæййевæг: «Ес уæхæн бундорон уавæртæ, кæцити фалдзости арæзт цæуй алцидæр. Фал, цæмæй фæстеуæг фæууинæн уа, уой туххæй ба гъæуама цæйбæрцæ рæстæг рацæуа...»**

Уæрæсей нури хецауеуæггæнгутæн кæд сæ зæрди ес адæмæн ести хуарздзийнæдтæ исаразун, уæд син уомæн, цума, фагæ нæй, Советон Цæдеси фехæлди фæсте ци дууадæс æма инсæй анзи рацудæй, еци рæстæг. Уогæ сæ архайди еу фæстеуæг ба бæлвурд æй – нæ Фидибæсти фарнæбæл фæххæлæф кодтонцæ æма нерæнгæ дæр ма кæнунцæ.



**Андрей БЕЛЬЯНИНОВ, Уæрæсей таможний раздæри разамонæг, айтишникти исхудта «социалон æнагъонтæ», фæсарæнтæмæ си ка фæлледзæги æй, уони ба – «æнæхуцæуттæ».**

Æхе цæсти къодах адтæй, уотемæй ба иннемæн, дæ цæсти къалеу ес, зæгъгæ, ка федис кодта, уой хузæн аци фудгойгæнæг бал æхемæ æркæсæд: æ æведауцæ миутæмæ гæсгæ ин æ хæдзари ку бадеголæ кодтонцæ, уæд имæ иссирдтонцæ аллихузон фæсарæйнаг æхцатæ æма хæзнатæй цъоппидзаг къахидарæси къаробкитæ. Æма уæд æхе ба циуавæр номæй исхонидæ?..

АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# ХЕЦАУ ИСУНМÆ БА КА НÆ БÆЛЛУЙ!..




Номдзуд францусаг финсæг Оноре де Бальзак уотæ финста: «Цийфæндийæй дæр хецауи бунат байахæссон, зæгъгæ, ка гъуди кæнуй, етæ сæ меднимæр ба уæддæр гæмæрзæ кæнунцæ, цубурзунд ке 'нцæ, уой.

Мадта нæ нури дзиллæмæ ба цæйбæрцæбæл цæстиварди æй хецау исуни бæлдæ? Уой фæдбæл сервис «Работа.ру» ци æрфарст исаразта, уоми Уæрæсей еугур регионти архайæг 2,9 мин адæймагемæн сæ фулдæри – 64% нæ фæндуй хецауи бунати равзурун. Еци адæмæн айдагъдæр сæ 26% нисан кæнунцæ цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте разамунддæттæг бунатмæ исхъæртун, 10% ба куд гъуди кæнунцæ, уотемæй абони дæр аккаг æнцæ хецауи бунати æрбадунæн.

Хецауи бунати æрбадун ке фæндуй, уонæн сæ 54% куд зæгъунцæ, уотемæй æ дæлбарæ косгутæй алкæмæндæр комкоммæ бæлвурдæй байхæс кæнидæ кустадон ихæстæ, 40% ба исаразиуонцæ æскъуæлхти фæдбæл феддонтæ (премитæ) дæттуни нæуæг фæткæ, 40% ба – фæллойнадон æгъдау фæффедардæр кæнун.

Хецауи бунат ку байахæссон, уæд исаргъ кæндзæнæн косгутæн, зæгъгæ, æрфарст адæймæгутæн сæ 38% гъуди кæнунцæ, 36% исаразуйнаг æнцæ тренингтæ æма ахуртæ, 27% ба фæууруххдæр кæндзæнæнцæ социалон уæлбарти номхигъд, 26% – хайади еугур косгутæн дæр сæ мизд фæффулдæр кæндзæнæнцæ.

**Терроризми амæттæгти зæрдæбæлдарæн æма номерæн Æхсæндуйнеуон Бон бæрæггонд цæудзæнæй авдисæри 21 августи.**

*Аци анз сентябри Дзæуæгигъæуи 38-аг æма 44-аг скъолати фиццаг хатт ахуртæ арæзт цæудзæнæнцæ «Курчатови кълæсти». Мæскуй Национ æртасæн центр «Курчатови институт»-и хæццæ æмархайгæй, уонæми сæйраг æргом æздæхт цæудзæнæй еумæйаг предметтæ æма дисциплинитæ ахур кæнунмæ. Практикон ахурадæ цæудзæнæй центр «Вершина»-йи. Аци кълæсти ка ахур*


ХЪИРГЪУТИ Хæдзирæт


ХЪИРГЪУТИ Асят æма Назянкæ


ХЪИРГЪУТИ Анзор


ХЪИРГЪУТИ Василий


ХЪИРГЪУТИ-БИЧЕГКУТИ Мария

# ХЪИРГЪУТИ РОХСИТАУГУТИ ФÆЛТÆРТÆ

1

Хæдзирæтæн æ фурт **Анзор** равзурста æфсæддон дæсниадæ. Æнтæстгинæй каст фæцæй еумæйагæфсæддон училище æма берæ æнзти дæргъи фæккуста аллихузон бæрнон бунæтти Советон Æфсади рæнгъити, сауæнгæ ма фæсарæнти дæр – Германий Демократон Республики æ рæстæги Советон Æфсадæн ци къуар адтæй, уоми. Фал уæддæр æ тоги, æвæдзи фæттухгиндæр æй æ фиди дæсниадæй сæрустурдзийнадæ æма Æфсæддон-политикон академий философон хайадæ каст фæуугæй, райдæдта косун Ленинградι А.Ф. Можайскийи номбæл æфсæддон-космосон академий философий кафедри ахургæнæгæй. Фæстæдæр, философон наукити кандидат исуни фæдбæл, наукон диссертаци багъæуай кæнгæй, æ куст райдарддæр кодта Стъараполи крайи æфсæддон-ахурадон уагæдæнтти ахургæнæгæй. Болкъон, профессор Хъиргъути Хæдзирæти фурт Анзор исгъомбæл кодта ахургæндти фæлтæртæ. Уой хæццæ ба ма фескъуæлхтæй куд публицист, берæ зæрдæмæдзæугæ æрмæгутæ ин мухургонд æрцудæнцæ æма ма цæуй, куд Стъараполи крайи, уотæ Цæгат Иристони мухури фæрæзнити, зæгъæн, газет «Дигори» дæр.

Фæстæдæр нæ байзадæй Анзори иннæ æнсувæр **Васили** дæр. 1963 анзи бацудæй Ленинградι А.А. Ждановι номбæл паддзахадон университети философон факультетмæ æма 'й каст фæуугæй, фæстæмæ æрæздахтæй Иристонмæ. Куста Цæгат Иристони хуæнхаг-металлургон институти ахургæнæгæй, 1977 анзи ба багъæуай кодта философон наукити кандидати диссертаци æма дзæвгарæ æнзти дæргъи фæккуста Цæгат Иристони Паддзахадон университети доцентæй. Адтæй нæ республики нимаддæр ахургæндти 'хсæн.

Аци бийнонтæбæл дзоргæй, æнæзæгъæн нæййес Хæдзирæти хестæр фурт Александри бийнойнаг **Хъиргъути-Бичегкути кизгæ Маряй** туххæй дæр. Дууинсæй анземæй фулдæр фæккуста химий ахургæнæгæй Дур-Дури фиццаг астæуккаг скъолай.

**Хъиргъути Дабайи фурт Петр**, болкъон, Ленинградι æфсæддон-медицинон академий рауагъдон, æфсæддон госпитæли сæргълæууæг. Æфсæддон службæй рацæугæй, кодта наукон ахурадон куст, иссæй медицинон наукити кандидат. Уой хæццæ ба ма зæгъун гъæуй уой дæр, æма иссæй Краснодари медицинон хуæрти уæлдæр ахуради медицинон институти бундорæвæргутæй еу, æхсæрдæс анзей дæргъи фæллæвардта разамунд куд ректор. Еци рæстæги ци берæ нæуæгдзийнæдтæ бахаста ахурадон процессмæ, уонæн банимайæн дæр нæййес. Устур ахургонд æма æхсæнадон архайæгæн хъæбæр бæрзонд аргъ кодтонцæ куд е 'мкосгутæ, уотæ студенттæ дæр.

**Хъиргъути Тæкъай фурт Дзасте** – уруссаг æвзаг æма литератури ахургæнæг, ахур кодта кæстæрти литературæ æма аййевадæ уарзунбæл. Берæ рæсугъд фæндитæ бæргæ адтæй æ зæрди, фал ин сæ æнæхайири тугъд æрдæгбæл фескъудта.

**Хъиргъути Тасой фурт Тотурбег** уæлдæр партион скъола каст фæуугæй, æрвист æрцудæй Хæзнидони скъоламæ директорæй. Бæргæ хуарз райдæдта косун, æнтæсгæ дæр ин берæ цидæртæ бакодта, фал уомæн дæр æ рохс бæлдитæ тугъд æрдæгбæл фескъудта. Нæбал исæмбалдæй æ фидиуæзæгбæл æригон цардбæллон лæхъуæн.

**Хъиргъути Геуæргий фурт Сократ** 1951 анзи каст фæцæй Цæгат Иристони педагогон институти физикон-математикон факультет æма фæстæмæ æрæздахтæй æ минкъий гъæу Æхсæрисæрмæ. Ами скъолай косгæй, æригон ахургæнæгæн бантæстæй æ педагогон архайди ахуради арæзтади бæрзæндтæмæ исхезун. 1984 анзæй 1999 анзи уæнгæ ба разамунд лæвардта аци скъолай коллективæн. Сократ адтæй гъæуи нимаддæр æма дзурддзæугæдæр лæгтæй еу. Некæд байаурста æхебæл, кæстæр фæлтæр гъомбæл кæнунæн лæвардта æ еугур хъауритæ æнæгъæнæйдæр. Адтæй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий ахуради Министради кадгин косæг. Гъæубæсти дæр æма е мгустгæнгути 'хсæн дæр ин цæйбæрцæбæл бæрзонд кадæ адтæй, уомæн æвдесæн æй е дæр, æма æ фæсмæрдæ, 2003 анзи Хъиргъути Сократи ном лæвæрд æрцудæй, дæсгай æнзтæ уодуæлдайæй ци скъолай фæккуста, уомæн.

Сократи дæсниадæ æма куст райдарддæр кодта æ кæстæр кизгæ **Ларисæ** дæр. Дууинсæй анзей бæрцæ бакуста адæмон ахуради къабази. Æ берæ æнзти уодуæлдай фæллойни туххæй ин лæвæрд æрцудæй республики æма Уæрæсей Федераций кадгин косæги нæмттæ.

Цæгат Иристони педагогон институти уруссаг-ирон факультет 1952 анзи каст фæууни фæсте æ райгурæн гъæуи куста **Хъиргъути – Цагъати Хъаурбеги кизгæ Кларæ**. Уогæ бустæги раст нæ уодзæнæй, «косгæ кодта», зæгъгæ, загъд, растдæр уодзæнæй зæгъун: «Æ уодæй арт цагъта!..»

Педагогон кусти ветеран, республикæ Цæгат Иристон-Аланий æскъуæлхт ахургæнæг, е æ царди æртиндæс æма дууинсæй анзи равардта ахургæнæги кустæн. Мадта уомæй уæлдай ба ма сабийти æхцул кодта аййевадæбæл – разамунд ци театралон къуарæн лæвардта, уони архайди кой идæрдтæбæл райгъустæй. Скъолай драмон къуари хæццæ исфæлгонц кодта Задæлески Нанай разагъди сорæт, æхуæдæг си сæйраг роли гъазгæй. Гъæубæстæ имæ устур десæн цудæнцæ кæсунмæ.

**Хъиргъути Геуæргий фурт Валоди** дзæвгарæ рæстæгути фæккуста Реданти зингъомбæлгæнæн сувæллæнтти сæрмагонд училищей. Зæгъун æнгъезуй уотæ, æма æррæстæ хумæтæги ахургæнæг нæ адтæй, фал цæугæ энциклопеди. Æ зонундзийнæдтæ уойбæрцæбæл арф æма æгæрон адтæнцæ æма сæбæл рахæссæнтæ дæр нæййес. Еци куст фæккодта æнæгъæнæ цуппар æма дууинсæй анзей дæргъи.

**Хъиргъути Тимофейи фурт Аркадий** – экономикон наукити доктор, профессор, 1989 анзæй фæстæмæ косуй Цæгат Кавкази хуæнхон-металлургон институти. Райдæдта ассистентæй æма исхизтæй ректори фиццаг хуæдæййивæги уæнгæ, æй диссертацитæ гъæуайгæнæг Совети иуонг. Хуæдæфсармæ æма хуæрззæрдæ адæймаг, æ разамундæй æнтæстгинæй сæ диссертацитæ багъæуай кодтонцæ фондз кандидати. Нуртæккæ дæр æнтæстгинæй косуй аспирантти хæццæ. Æй нæ республики Ахуради æскъуæлхт косæг, берæнимæдзон грамотитæ ба дзорæг æнцæ æ зунд æма æ кусти уагæбæл.

**Цæллати-Хъиргъути Иуани кизгæ Алетæ** æ фæллойнадон над райдæдта 1970 анзи Мостиздæхи скъолай райдайæн кълæсти ахургæнæгæй. Ахургæнæг æма директори бæрнон куститæ байеу æнцæ еу силгоймаги медуоди. Æдзæстхезæй зæгъун æнгъезуй уотæ, æма Алетæн скъола адтæй æ дуккаг цардиуагæ, æ хæдзарæ.

**Сументи-Хъиргъути Сослæнбеги кизгæ Беллæ** 1955 анзи каст фæцæй Цæгат Иристони паддзахадон педагогон институти фæсарæйнаг æвзæгти факультет. Косун райдтæта 15-аг скъолай. 1971 анзæй фæстæмæ ба куста Цæгат Иристони паддзахадон университети англисаг æвзаги ахургæнæгæй.

**Хъиргъути-Дзуццати Генай кизгæ Розæ** фондз æма инсæй анзей дæргъи фæккуста Æхсæрисæри скъолай географи æма химий ахургæнæгæй. Фæлтæрдгун ахургæнæги ном абони дæр ма ахид æримисунцæ æ раздæри ахургæнуйнæгтæ.

**Хъиргъути-Хъæдохти Хадзимурзи кизгæ Милæ** æхсæрдæс анзи фæккуста скъолай математики ахургæнæгæй.


ХЪИРГЪУТИ Петр


ХЪИРГЪУТИ Дзасте


ХЪИРГЪУТИ Тотурбек


ХЪИРГЪУТИ Сократ


ХЪИРГЪУТИ-ЦАГЪАТИ Кларæ

***кæндзæнæй, еци скъоладзаутæн фæстæдæр равгæ уодзæнæй техникон æма æрдзон-наукон уæлдæр ахургæнæндæнттæмæ ахур кæнунмæ бацæунæн. Аци проектæн Иристони ес устур ахедундзийнадæ, нуртæккæ нæ бæстæ гъæуагæ кæмæй æййафуй, уæхæн специалистти нæуæг фæлтæр исгъомбæл кæнуни гъуддаг æнтæстгинæй æнхæст кæнунæн.***




ЦÆЛЛАТИ-ХЪИРГЪУТИ Алетæ


СУМЕНТИ-ХЪИРГЪУТИ Беллæ


ХЪИРГЪУТИ-ЧЕХОЙТИ Зинæ


ХЪИРГЪУТИ Аркадий


ХЪИРГЪУТИ-ДЗУЦЦАТИ Розæ

**Хъиргъути – Тубети Налухъи кизгæ Лидæ** æма **Хъиргъути –Маргкати Тæкъай кизгæ Алетæ** дæр равзурстонцæ, исфæлдистадон æма гуманитарон æгъдауæй æнæгъæнæ дуйнебæл тæккæ ахсгиагдæр еугур дæсниæдтæн дæр сæ фиццаги-фиццагдæр бундорæвæрæг ка 'й, уой – райдайæн кълæсти ахургæнæги куст.

**Хъиргъути Зоя** – дууинсæй анзей дæргъи фæллæвардта уруссаг æвзаг æма литератури уроктæ скъолай.

Ахуради къабази аллихузон æздæхти адтæй сæ архайд, Хъиргъути ахилæй ахурадон уагæдæнтти ка фæккуста, еци адæмæн. Педагогон фæллойни ветеран, **Хъиргъути-Гæбæккати Валентинæ** Дзæуæгигъæуи 18-аг скъолай фæккуста æстдæс анзи, царди фæззелæнти куд арæхсун гъæуй, уобæл ахургæнгæй. Сувæллæнтти ахур кодта хуйунбæл, хуæруйнаг кæнунбæл, æма берæ æндæр, æнæмæнгæ зонуйнаг гъуддæгутæбæл.

Дур-Дури скъолай 1962 анзæй фæстæмæ фæккуста райдайæн кълæсти ахургæнæгæй **Хъиргъути-Чехойти Зинæ (Земфирæ)** Сангей кизгæ.

Раст уодзæнæй уотæ дæр зæгъун, æма райдайæн кълæсти ахургæнæги куст уотид дæсниадæ нæй, е æй цардиуаги æгъдау æма фæткæ. Сувæллæнттæмæ уарзон зæрдæ дарун, сæ хæццæ кæрæдзей лæдæрун, сæ хæццæ æмдзæрийнæй арæхсун. Æма Зини къохи еци гъуддаг уæлдай хуæздæр æфтудæй.

Камбилеевки райдайæн кълæсти абони дæр ма æнтæстгинæй косуй уæлдæр категорий ахургæнæг Хъиргъути-Цæрикъати Мухаджири кизгæ Капитолинæ. Дæсни æма фæлтæрдгун педагог, Уæрæсей ахуради кадгин косæг æма Республикæ Цæгат Иристон – Аланий æскъуæлхт ахургæнæг. Исфæлдистадон цæстæй ке кæсуй æ кустмæ, æ берæ зонундзийнæдтæ, æ устур искурдиадæ æма хъаурæ æнæвгъауæй ке дæттуй ирæзгæ фæлтæрæн, уомæ гæсгæ, 2007 анзи Капиталинæ Мухаджири кизгæ иссæй Уæрæсей Федераций хуæздæр ахургæнгути 'хсæн конкурс «Анзи ахургæнæг»-и уæлахездзау. Лæвæрд ма ин æрцудæй Уæрæсей Федераций астæуккаг ахуради кадгин косæги ном.

**Тохъайти-Хъиргъути Агубей кизгæ Альмæ** дууинсæй анзей бæрцæ косуй Синдзигъæуи скъолай уруссаг æвзаг æма литератури ахургæнæгæй æма ахурадон хайади сæргълæууæгæй. Æй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий ахуради æскъуæлхт косæг.

Хъармани ба ахургæнæгæй косуй æ хестæр хуæрæ **Гæуисти-Хъиргъути Светæ**. Æ уодуæлдай фæллойни туххæй ин лæвæрд æрцудæй Уæрæсей Федераций еумæйаг ахуради кадгин косæги ном.

Дзæуæгигъæуи 11-аг скъолай райдайæн кълæсти ахургæнæгæй нур фондз æма дууинсæй анзей бæрцæ райдайæн кълæсти ахургæнæгæй косуй **Хъиргъути-Фæрниати Батæрбеги кизгæ Иринæ**.

Нæ республики сæйраг сахари 28-аг скъолай ба 1986 анзæй фæстæмæ косуй **Хъиргъути-Сарахъати Арсæмæги кизгæ Альбинæ**.

Гъе уæхæн ахургæнгути бон æй сувæллæнти зæрдити нифс æма разæнгарди цæхæртæ исрохс кæнун, цæрæццагдзийнадæ æвзурун кæнун.

Еци скъолай ма косуй æртиндæс æма инсæй анзей бæрцæ **Хъиргъути Арсæмæги кизгæ Заремæ** дæр. Ес имæ æхе æхсæнадон-политикон цæстингас. Æма ин еци менеугутæ агъаз кæнунцæ скъолай ахурадон хайади сæргълæууæги кусти медæгæ. Сæрбæрзондæй хæссуй Уæрæсей Федераций еумæйаг ахуради кадгин косæги ном.

**Байти-Хъиргъути Мухарбеги кизгæ Дзерассæ** химий ахургæнæг уогæй, дууинсæй анзей бæрцæ косуй скъола-интернати, сæ фæггæнæнтæ æма равналæнтæ сæхе барæ кæмæн нæ 'нцæ, уæхæн ахурдзаути хæццæ. Архайуй, седзæр сабийтæн сæ ниййергути хузæн унбæл, сæ хæццæ еу цардæй цæрунбæл.

**Хъиргъути-Гæздæнти Мухтари кизгæ Еленæ** ба нур æртæ æма инсæй анзей дæргъи косуй Гергити Валерийи номбæл аййевæдти колледжи адæмон инструментти хайади ахургæнæгæй. Сæрбæрзондæй хæссуй республикæ Цæгат Иристон-Аланий культури æскъуæлхт косæги кадгин ном.

Хъиргъути рохситаугути фæлтæрти цардгъондзийнадæ идарддæр дæр федарæй-федардæр ке кæндзæнæй, уомæн ба бафæнзуйнаг æвдесæн е æй, æма муггаги кæстæртæй беретæ сæ карни сæйраг гъуддагæн æвзарунцæ ахургæнæг-гъомбæлгæнæги дæсниадæ. Зæгъæн, **Хъиргъути-Æмбалти Зæрини** бафæндадтæй сабийти рæвдауæндони гъомбæлгæнæги дæсниадæбæл исахур кæнун æма æрæги иссæй Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети психологон-педагогон факультети студенткæ. Рæствæндаг уо, Зæринæ, æма дæ бæлдитæ зæрдирохсæй исæнхæст уæнтæ!..

Æнцон нæй ахургæнæги куст. Уомæ гæсгæ ба æ цард еугурæйдæр еци дæсниадæн ка иснивонд кодта, етæ еугурæй дæр æнцæ кади аккаг.

## МÆ ЦИЙНÆЙДЗАГ ЗÆГЪУЙНÆГТÆ



**КОЛИТИ Витали, Уæрæсей финсгути Цæдеси иуонг:**

*– Кадгин муггаг æнцæ дигори 'хсæн Хъиргъутæ. Æма мин цийнаг æй, берети си ке фæсмардтон æма нерæнгæ дæр ма ке фæсмæрун. Уæлдай æхцæуæн ба мин е æй, æма аци муггаги 'хсæн уойбæрцæбæл берæ ахургæнгутæ ке ес – æнæгъæнæ фæлтæртæ. Уонæй кедæрти хуарздзийнæдтæй æз мæхуæдæг хайгин дæн, Хъиргъути Сократ мин ахургæнæг адтæй, Хъиргъути-Дзуццати Розæ Генай кизгæ дæр уотæ. Сократи кизгæ Лариси хæццæ ба еу кълаcи ахур кодтан. Хъæбæр дæсни адтæй ахурмæ. Ахид исфинсинæ уой тетрадæй хинцуйнæгтæ.*

*Кæддæр еу устур курухон лæг уотæ загъта: «Хуцаумæ ес еунæг хуарздзийнадæ – адæмæн ахургæнæги дæсниадæ раттун. Иннæ дæсниæдтæбæл ба адæми ахургæнæг æхуæдæг ахур кæнуй...» Тæходуй æма Сократ æма Рози хузæн ахургæнгутæ нæмæ фулдæр ку уидæ, уæд нæ дзилли зундирахаст цæйбæрцæбæл уæлдæр æвæрд уидæ. Æма, уал ахургæнæги ци муггаги адтæй æма ес, еци дзилагæй арфиаг куд нæ уæн! Уæхæнттæй федауй не 'фсарæ æма ирæзуй нæ кадæ!*


ХЪИРГЪУТИ Владимир


ХЪИРГЪУТИ-БÆЛОТИ Ларисæ


ХЪИРГЪУТИ-ЦÆРИКЪАТИ Капиталинæ


ХЪИРГЪУТИ-ФÆРНИАТИ Иринæ


ХЪИРГЪУТИ-БАЙТИ Дзерассæ


ХЪИРГЪУТИ Заремæ æма Альбинæ

## РЕДАКЦИЙÆЙ.

*Аци æрмæг Хъиргъути-Тотоонти Хасани кизгæ Фатимæ ке бацæттæ кодта, уой еума хатт уомæ гæсгæ зæгъæн, æма æ хуæдæфсармæдзийнадæмæ гæсгæ си æхе кой, гъайгъайдæр, нæ ракодта. Уотемæй ба е дæр æй Хъиргъути муггагæй ахурадæ æма ирæзгæ фæлтæрти гъомбæлади къабази хъазауатонтæй еу, зингæ æнтæстдзийнæдтæй си æскъуæлхуй. Æй педагогон фæллойни ветеран, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий æскъуæлхт ахургæнæг, педагогон наукити доктор, Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети педагогон ахуради кафедри профессор. Уой хæццæ ба ма нæ редакций агъазгæнæг газет рафинсуни гъуддаги – Хъиргъути Аркадийи хæццæ архайуй, цæмæй сæ муггаги еугур бийнонтæ дæр есонцæ газет «Дигорæ».*

***Константин ВЕРШИНИН (1900-1973), Советон Цæдеси Бæгъатæр, авиаций маршæл: «Цæгат Кавказ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй исуæгъдæ кæнуни тугъдтити рæстæг агъазиау ахедундзийнадæ адтæй нæ авиацийæн. Знæгтæн уæхæн зæрантæ бавзарун кодтонцæ нæ тæхгутæ, æма, сæхе кæмæй æстудтонцæ, сæ еци «æнæбасæттондзийнадæй» нецибал райзадæй, фæлледзæги 'нцæ ардигæй.***


ДЗУСАТИ Ибрагим (галеуæрдигæй) æма Александр Покрышкин (рахесæрдигæй). 1974 анз.

# УÆХÆН ÆЙ СÆ КАРНÆ – ФИДИБÆСТИ УÆЛАРВОН ИТИГЪДАДÆ ГЪÆУАЙ КÆНУН!..



**ФРИАТИ Хъазбег,**
**Цæгат Иристони ветеранти Совети сæрдар**

Уæрæсей еугур рауæнти дæр æрæги,12 августи бæрæггонд æрцудæй нæ бæсти Æфсæддон-уæлдæфон тухти Бон. Аци бон хумæтæги æвзурст не 'рцудæй. Цæветтонгæ, еуæндæс æма фондзинсæй анзей размæ (1912 анзи 12 августи) Уæрæсей уæди гъæуайкæнуйнади министради бардзурдæй паддзахади Гæрзефтонг тухти Генералон штаби сæйраг управлений фæззиндтæй нæуæг хайадæ – Уæлдæфон тæхгути къуар. Еци историон цауæн аккаг аргъ кæнгæй, 2006 анзи 31 майи Уæрæсей Президент рауагъта сæрмагонд Указ, цæмæй куд паддзахадон бæрæгбон, уотæ алли анз дæр 12 августи бæрæггонд цæуа Уæрæсей Федераций Æфсæддон-уæлдæфон тухти Бон. Уæхæн нимайундзийнадæ ба æй, нæ Фидибæстон Гæрзефтонг Тухти аци къабазæн æма, рæстуодæй си ка 'нхæст кæнуй е 'фсæддон ихæстæ, уонæн æма сæ хъазауатон фæллойнæн цæйбæрцæбæл агъазиау аргъгонд цæуй, уомæн ирд æвдесæн.

Æма абони цубурæй зæгъуйнаг ан, нæ бæсти æфсæддон авиаций анзфинсти намусгин æма зæрдæбæлдаруйнаг цаути, уæдтæ нæ намусгин æфсæддон тæхгутæй кедæрти туххæй.

Æгæрон берæ дæнцитæ æрхæссун æнгъезуй, нæ Фидибæсти сæрбæлтау нæ тæхгутæ бæгъатæр æскъуæлхтдзийнæдти туххæй, уой хæццæ ба сæ хъазауатон архайди син агъæзгæнæг ци хумæтæг косгутæ адтæнцæ, етæ куд нæ аурстонцæ сæ хъауритæбæл, куд фæразтонцæ цийфæнди уæззау фæлварæнтæ æма зиндзийнæдтæн дæр, цæмæй, нæ Райгурæн бæсти сæрмæ уæлæрвтæ знаги хъæрццигъатæй ка гъæуай кодта, уонæмæ уа хуарз тохæнгарз, цæмæй нæ хуæдтæхгутæ иннетæй цауддæр нæ, фал зингæ хуæздæр уонцæ. Нæ фидибæстон авиаций карни райдайæни нæмæ адтæй хуæрзхумæтæг хуæдтæхгутæ, сæ еуæй-еуети хæйттæ гъæдæй конд кæмæн адтæнцæ, сауæнгæ уæхæнттæ дæр. Фал, куд фæстæдæр, уотæ кодтонцæ хуæздæрæй-хуæздæр, сæ гæнæнтæ æма равгитæ, сæ хъаурæ, сæ тухæ цæйбæрцæбæл исхузæнондæр æй, уой ба син сæхебæл бавзурстонцæ сæ нихмæлæугутæ Корейи, Вьетнами, Египети, Афганистани, Сири æма æндæр бæсти уæлæрвти тугъдтити рæстæги.

Устур Фидибæстон тугъди æнзти нæ Æфсæддон-уæлдæфон тухтæ намусгинæй исæнхæст кодтонцæ сæ ихæс Райгурæн бæсти размæ. Гæрзефтонг тухти иннæ хузти хæццæ æмхъаурæй архайдтонцæ тæккæ карздæр, тæккæ агъазиаудæр тугъдтити. 2271 тæхæги иссæнцæ Советон Цæдеси Бæгъатæртæ, уонæй 65 – дууæ хатти. Дууæ тæхæгемæн – Александр Покрышкин æма Иван Кожедубæн ба еци кадгин ном лæвæрд æрцудæй æртæ хатти.

Мах, Иристони дзиллæ, уæлдай сæрустур ан уомæй, æма не 'мзæнхонтæй берети нæмттæ æма се 'скъуæлхтдзийнæдтæ сугъзæрийнæ дамугъатæй финст æрцудæнцæ Советон Цæдеси, уæдта Уæрæсей Федераций Æфсæддон-уæлдæфон тухти анзфинсти, зингæ æвæрæн бахастонцæ сæ райрæзти гъуддагмæ. Иристон сауæнгæ ма евгъуд æноси 30-аг æнзти «тæхæг республикæ» дæр худтонцæ.

Фиццаг иристойнаг тæхæг иссæй дзæуæгигъæуккаг, Мюнхени аййевæдти академий рауагъдон Артем Кациан. Профессион тæхæги диплом Кациан райста Мюнхени аэроклуби 1908 анзи (уæрæсейаг тæхгути фиццæгти хæццæ...) Æвдиста æ арæхстдзийнадæ Европи бæстити. 1911 анзи 4 сентябри ба истахтæй уæларвмæ æ райгурæн Дзæуæгигъæуи дæр – æ хуæдтæхæгæй уæлдæфмæ истахтæй кадетти корпуси рази фæзуатæй.

Устур Фидибæстон тугъди сæхе хъæбæр дæсни æма æхсаргин тæхгутæй равдистонцæ иристойнæгтæ – Абайти Михал, Æгкацати Мæхæмæт, Залман Аксельрод, Баймæтати Бимболат, Баскати Хасанбег, Беккузарти Александр, Бедойти Дзамболат, Базрати Махар, Юрий Боровиков, Бритъати Барис, Евгения Гламаздина, Гуриати Урусбий, Гусати Владимир, Джигкайти Ефим, Датити Дати, Николай Дюнов, Даурати Илитæ, Дзгойти Азæмæтджери, Зæнгиати Владимир, Хъанухъуати Хазби, Любовь Кондратенко, Хъалабегти Батæрбег, Хъантети Константин, Сергей Мартиросов, Милдзихти Мæдинæ, Герман Макеев, Цъебойти Ибрагим, Кифар Черкасов, Хетæгкати Ахмет, Хосроти Геуæрги æма иннетæ.

Иристойнаг тæхгутæй инсæй иссæнцæ Советон Цæдеси Бæгъатæртæ: Павел Берестнев, Бицати Сергей, Александр Бондарь, Дзусати Ибрагим, Александр Карасев, Хъарати Александр, Кобилти Сергей, Василий Коняхин, Юрий Бунимович, Гаджити Александр, Григорий Пасынков, Цоколати Геннадий, Николай Соболев, Цуцити Василий, Александр Юльев, Иван Валухов, Илья Котов, Петр Остапенко, Остъати Алексей, уой хæццæ ба ма нæ тæхгутæй фараст æвдист æрцудæнцæ, цæмæй син лæвæрд æрцудайдæ Советон Цæдеси Бæгъатæри ном, фал цæмæдæр гæсгæ еци арфиаг гъуддаг нæ фæррæстмæ 'й.

Иристойнаг тæхгутæй еци кадгин ном фиццаг равардтонцæ Остъати Егори фурт Алексейæн – 1940 анзи 21 мартъий. Устур Фидибæстон тугъди ба Советон Цæдеси Бæгъатæри ном нæ тæхгутæй фиццагидæр лæвæрд æрцудæй Цоколати Дмитрийи фурт Геннадийæн.

Советон Цæдеси Бæгъатæр, инæлар-майор Дзусати Ибрагим айдагъ дæсни æма бæгъатæр тæхæг нæ адтæй, фал ма искурдиадæгин тугъдон раздзæуæг. Тугъди рæстæг разамунд кæмæн лæвардта, еци дæрæнгæнæг 45-аг авиацион полкки исгъомбæл кодта цалдæр зунгдгонд æфсæддон тæхæги, уонæй уæлдай игъустгонд иссæй Советон Цæдеси æртæ хатти Бæгъатæр Александр Покрышкин.

Авиаций кой кæнгæй, æдæрсгæ адæймæгути тохæнгарз хонунцæ уæлдæфон таран – æндæр гæнæн ин ку нæбал фæууй, уæд тæхæг æ хуæдтæхæгæй знаги хуæдтæхæг ку исцæвуй æма 'й исæскъафта Николайи æма 'й хуæдтæхæги базурбæл бахъæртун кодта Петергофи аэродроммæ. Немуц уæд бæргæ гъавтонцæ советон тæхæги уацари райсунмæ, фал Слонай-фурт ци æнæфæууинд гъуддаг райаразта, е сæ уоййасæбæл фæкъкъех кодта, æма хæлеугъæлæсæй райзадæнцæ.

Иннæ уæхæн – Хъантети Константин. 1942 анзи 8 майи Хъирими Хаджибейи аэродромбæл немуцаг танкитæ æрхъола 'нцæ, уотемæй имæ батахтæй, æрбадтæй æма æ хуæдтæхæги базурбæл хестæр лейтенант В. Виноградови æма техник лейтенант А. Опарини раласта Керчмæ.

Лейтенант Цхурбати Харитон 1943 анзи 12 мартъий знаги, куд фæззæгъунцæ, тæккæ фиййи бунæй раласта цæф хуæдтæхæгбæл æ тугъдон æмбал Анкудинови.

Тугъди фæсте æнзти цæхгæр фæнурикконддæр æнцæ нæ Æфсæддон-уæлдæфон тухти æма Уæлдæфон флоти гæнæнтæ æма равгитæ. Нуртæккæ си ес, цийфæнди рæстæги дæр ка тæхуй уотемæй зæнхæмæ ку 'ргæлдзуй, уæд. Уотæ дæр рауайуй, æма таран исаразæг тæхæг æхуæдæг дæр нæбал фæййервæзуй. Не 'мзæнхон тæхгутæй уæхæн таран искодтонцæ лейтенант Хетæгкати Петр 1941 анзи 4 июли сахар Ясси сæрмæ уæлдæфи, уæдта Датити Дати 1942 анзи 30 сентябри. Æдеугурæй ба тугъди рæстæг тохи еци фæрæзнæй нæ фидибæстон тæхгутæ испайда кодтонцæ 500 хатти. Капитан Николай Гастеллой бафæнзтонцæ 350 хуæдтæхæгей экипажтæ, уони 'хсæн адтæнцæ гвардий старшина Акъоти Лазæр, Ил-2-йи æхсæг-радист, æма æ командæгæнæг, майор В. Жабинский. 1945 анзи 15 феврали сахар Кенигсберги сæрмæ сæ хуæдтæхæг иссугъдæй. Æма 'й уæд бæгъатæртæ исаразтонцæ, знаги танкитæ æма æфсæддонтæ кæми æрæмбурд æнцæ, уордæмæ. Капитан Дзанайти Иван, Ил-2-йи экипажи командæгæнæг, 1945 анзи 17 мартъий Венгрий сахар Секешфехервари сæрмæ, æхуæдæг дæр ку фæццæф æй æма хуæдтæхæг дæр хъæбæр гъигæдард ку баййафта, уæд бардзурд равардта е 'хсæг-радистæн, цæмæй е парашюти хæццæ рагæпп кодтайдæ хуæдтæхæгæй, кæций æхуæдæг ба, знаги танкитæ æма æндæр техникæ кæми адтæнцæ, уордæмæ исаразта.

Мадта Советон Цæдеси дууæ хатти Бæгъатæр Сергей Грицевеци дессаг æскъуæлхтдзийнадæ ка бафæнзта, уони хæццæ адтæнцæ иристойнаг тæхгутæ дæр. Лейтенант Слонати Алибег 1941 анзи августи Ленинградмæ хæстæг æрбадун кодта æ хуæдтæхæг И-153. Уоми уой размæ, æ хуæдтæхæг зингæ гъигæдард ке 'рцудæй, уомæ гæсгæ æрбадтæй е 'мбал, Советон Цæдеси Бæгъатæр Николай Свиненко. Алибеги хуæдтæхæги адтæй айдагъдæр еунæг бунат – æхецæн. Фал уæддæр æма цæстæ кæбæл нæ хуæцуй, уæхæн хуæдтæхгути хузтæ – Су-27, Су-35, Миг-29, Су-57, Су-24, Ту-160, Су-34, вертолеттæ Ми-24, Ка-50, Ка-52, Ми-28Н, Ми-26 æма æндæртæ.

Сабур царди рæстæг Æфсæддон-уæлдæфон тухти службæ кодтонцæ иристойнаг лæхъуæнтæ, инæлартæ Къаболати Солтан, Бейдоти Руслан, болкъонтæ Азиати Александр, Цæруати Аслан, майортæ Козурти Руслан, Кочити Тимур æма берæ æндæр.

Абони дæр не 'мзæнхонтæ æнхæст кæнунцæ се 'фсæддон ихæс сæрмагонд æфсæддон операций, æртемæй иссæнцæ Уæрæсей Бæгъатæртæ: Виктор Васенков – тæхæг-фæлварæг, æфсæддон-интернационалист, Максим Стефанов – тæхæг-фæлварæг, Сирий æфсæддон операций архайæг, Датити Алан – тæхæг-дæрæнгæнæг, архайта Сирий тугъдон операций дæр.

Фæрниати Олег – Ми-28Н «Æхсæви цауæйнон»-и штурман-оператор, сæрмагонд æфсæддон операций архайæг, хуарзæнхæгонд æрцудæй Лæгдзийнади орденæй (æ фæсмæрдæ), æ кезуй балций рæстæг знагæн берæ зæрантæ исаразгæй…

Цæгат Иристони ветеранти Совет зæрдиаг арфæ кæнуй, абони Уæрæсей Æфсæддон-уæлдæфон тухти рæнгъити нæ республикæй абони е 'фсæддон ихæстæ ка 'нхæст кæнуй, уонæн сæ бæрæгбони фæдбæл. Етæ абони нæ Райгурæн бæсти уæлæрвти æдасдзийнадæ къæрцгъосæй гъæуай кæнунцæ, цæмæй нæ зæнхæбæл цард ивула æнæмаст æма æнæгъигæдардæй. Æма си уомæй арфиаг ан, нæ зæрдæ син зæгъуй, цæмæй уонцæ сæрæгас æма æнæнез, сæ хеуæнтти хæццæ сæ цардиуагæ уа зæрдигъæлдзæг æма фæрнæйдзаг, сæ карни хабæрттæ æнтæстгинæй аразонцæ!..

**Хуцаубони, 20 августи бæрæггонд цæудзæнæй Уæрæсей Уæлдæфон флоти Бон.**

***ЦÆРУКЪАТИ Александр (1918 - 2000), Цæгат Иристони адæмон поэт: «Малити Геуæрги дæр адæми уодæй, царди æрфитæй иста æ поэтикон муд. Ами ма мæ фæндуй еу гъуди зæгъун. Поэт гъæуама ахургæндтæй дæр ахургонддæр уа, фулдæр зона, идарддæрмæ уина. Геуæргий уалдзимисти зиннуй е 'стур культурæ, æ ахургонддзийнадæ. Æма аци гъуддаг дæр – Хуцауи устур лæвар – е 'скурдиади хæццæ æ кæнон кодта...***



# ПОЭТИКОН ДЗУРДИ ТУХÆ



**ЦОПАНТИ Ритæ,**

**филологон наукити доктор, профессор**

Иристони ахурадон, культурон æма æхсæнадон царди устур бунат ес Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети ирон филологий факультетæн. Рæдуд нæ уодзæнæй, ку зæгъæн, факультет алкæддæр адтæй æма нур дæр æй ахургонд адæм цæттæ кæнуни курдбадзæ. Æ рауагъдонтæ айдагъ Иристони нæ косунцæ, фал Уæрæсей æндæр рауæнти дæр. Факультети гæнæнтæ хъæбæр урух æнцæ, уомæ гæсгæ ба цардмæ над раттунцæ ахургæнгутæн, журналисттæн, социалон косгутæн. Беретæн сæ бон исуй науки бæрзонд къæпхæнтæмæ исхезун. Зæгъæн, аци факультети исахур кодтонцæ Бежати Фаризæ, Цопанти Ритæ, Дзодзиккати Зæидæ, Майрæмухъуати Фатимæ, Гуæцæлти Ларисæ, Кудзойти Анжелæ, Асати Наташæ, Цæрикъати Фатимæ æма ма берæ æндæртæ. Нуртæккæ етæ сæхуæдтæ æнцæ факультети ахургæнгутæ. Ке ранимадтон, уонæн сæ рæстæги ирон-дигорон æвзаги сосæгдзийнæдтæ амудтонцæ Багати Никъала, Агънати Æхсар, Тахъазти Харум, Гуриати Тамерлан æма æндæртæ.

Ирон æвзаги кафедри ахурадон дисциплинити 'хсæн ес дигорон литературон æвзаг æма дигорон диалект. Мах ан еу адæм (ирон-дигорон), ес нин еу националон æвзаг, кæци æнцойнæ кæнуй дууæ 'взагей гъæздуг æвæрæнтæбæл: ирон æма дигорон.

Дигорон æвзаги хецæндзийнæдтæ ахур кæнун æнцон нæй, скъолай айдагъдæр иронау ка ахур кодта æма дигорон дзурд ка не 'гъосуй, еци студенттæн. Ахургæнгутæ архайунцæ, грамматики фæткитæ амонунæй уæлдай ма, студентти зæрдити дигорон дзурди адгин адæ ниттадзунбæл дæр. Уой туххæй сæ зонгæ кæнунцæ дигорон аййевадон текстти хæццæ. Зæгъæн, поэтикон уадзимисти æрмæг ахур кæнун райдайунцæ Малити Геуæрги æма Гурджибети Блашкай исфæлдистадæй.

Дигорон æвзагбæл ци поэтикон аййевадæ исирæзтæй, уони ниффинсгутæ æнцæ мах факультети рауагъдонтæ кенæ махмæ æ уæлдæр ахур ка райдæдта, етæ: Малити Васо, Колити Витали, Скъодтати Эльбрус, Къибирти Амурхан, Хохойти Энвер, Будайти Милуся, Бабочити Руслан. Сæ еугурей кæми фæннимайдзинан.

Поэтикон дзурди нивæнзт е 'взаги арæзтæй хецæн кæнуй дзоруни иннæ хузтæй: официалон, публицистикон, наукон. Зæрдæмæгъаргæ дзурдтæ, дзурди бæститæ 'нцæ, римæхст гъудитæ, æнкъарæнтæ агорун кæми багъæуй, уæхæнттæ.

Поэттæй алке дæр æвдесуй е 'стур уарзт райгурæн зæнхæмæ, мадæмæ, цардмæ, дуйнемæ, æрдзæмæ. Алли поэт дæр сæ хузæ кæнуй æхе аййевадон мадзæлттæй. Зæгъæн, Къибирти Амурханæн Дигоргом æй æ уодбæл хуæцæг, æ незтæ исафæг:

*Феронх кæнун мæ рист уæззау, –*
*Тæхгæй аргъæутти сæхъесбæл.*
*Мæ уод æнцойнæ тикисау*
*Схуссуй Уазай рагъи сесбæл*

**(«Дигоргом»).**

Рауадæй си метафорон æрфинст: лирикон хъайтари уод тæхуй аргъæутти алæмæттаг горцъебæл. Колити Виталийæн Дигоргом æй «дзенет», «зæрддагон», «рохс бæлдæ» («Мæнæ дессаг, мæ Дигорæ»). «Иристони – Дигорæ – мæ цинæ, мæ рес», – дууæ нихмæвæрд æнкъарæни цæруй Скъодтати Эльбруси зæрди.

Райгурæн зæнхи туххæй адæймаг ци базонуй, е æвæрд æрцæуй е 'взагон дуйней ниви. Зæгъæн, æрдзæ циуавæр сорæтти уинунцæ нæ поэттæ? Ахиддæр æмдзæвгити рæнгъитæ ирддæр, сæ гъуди ба син бæлвурддæр кæнунцæ эпитет, метафорæ, олицетворени, барæн, гиперболæ, перифразæ æма æндæртæ. Скъодтати Эльбрусæн хор æй уодмедæг:

*Цæбæл æй хори тунтæн сæ зар;*
*Сойнæ тагъдæй хори билтæй;*
*Изæр райсавдæй цубур усми –*
*Хор æй фæддавуй æ дæлмуси.*

Æндæр хузи поэт уинуй кæрдæг:

*Кæрдæг æртæхæй раниуазта,*
*Дунгæмæ семун фæййагайдта.*

Къибирти Амурханмæ думгæ тохуй æ алливарс дуйней хæццæ, бæстæ низманста, фал æваст «æрбадумдæй»:

*… Райсуй есойнæ. Кинзелæ -*
*Æ медбæстæ. … И тургъти -*
*Æнгулдзæхтæ…*

***(«Февзурдæй зелгæ думгæ»).***

Кæд поэт римæхстæй думгæ баруй адæймаги царди хæццæ: догъи уайун, хъаурæбæл нæ ауæрдун, уæдта æваст фæццидæр ун? Думгитæ ма 'нцæ – «лагъз гуртæ», «гъæдрæбунти кафунцæ («Сау гъæдæ»).

*Думгæ ниффелауй,*
*Тари ниббиндзæ уй.*
*Гъæди æрæллау уй,*
*Гъæди никкиндзæ уй.*

***(«Думгæ»).***

Уæлдай ахид киунæгæкæсæги рази æмдзæвги рæнгъитæ исæвзурун кæнунцæ хуæнхаг дæнтти гъазт æма гъезæмарæ. Дони знæт тухæ равдесунæн поэтти багъæуй экспресси, карз архайд æвдесæг дзурдти агъаз:

*Тар хæнхултæ карз рæуегъгæ,*
*Цæветтонги æгуст гал,*
*Таси 'фтауй æмир тегъти*
*Æ мæстгун худт, æ уозгалд.*
*Арф адæгти гъæр æмбохгæ,*
*Лигъздæр рауæн уозгæ уад.*
*Хаугæ дортæ размæ 'нтъохгæ*
*Е никкæнуй листинсад…*

***(Колити Витали «Ирæф»).***

Цардбæл, адæймаги уодикондбæл сагъæстæ исунцæ поэттæн сæ уадзимисти сæйраг темитæй еу. Кæсæг сæмæ цума еуварсæй фегъосуй, фал æцæгæй ба сæ хæццæ мæти æфтуйуй. Куд хецон æнцæ махæн ауæхæн рæнгъитæ:

*Нецибал æй, фун æй евгъуд бон,*
*Нур райдæдтон надбæл ауæрдун…*
*Фæсæфцæг фæуурдуг æй уæрдун,*
*Кумæдæр мæ скъæфуй мæ ауон…*

***(Скъодтати Эльбрус «Ауон»).***

*Фестун. Цæун. Нæййес 'здæхæн,*
*Рæстæг нин æмгъудгонд æй.*
*Зонун аци нади фæлхæн,*
*Фал ибæл ци мудконд е!*

***(Къибирти Амурхан «Фæндаггони сагъæс»).***

Мадæмæ уарзт зæрди арф æвæрд фæуууй, алке 'й дзурдтæй нæ фергом кæнуй, фал æй равдесуй фæлмæн рахастæй мадæмæ.

Мади ном циуавæр дзурдтæй ерунцæ нæ поэттæ:

*Æрмæстдæр ду, мæ хорæнгæс мадæ,*
*Æрмæстдæр ихæсгун дæуæй дæн…*
*Æз дæуæй фæййистон лæгдзийнадæ,*
*Æз дуйнемæ цæун дæу нифсæй.*

***(Колити Витали «Нæуæгæй æфтуйунцæ мæ зæрди»).***

*Дори росæй мæмæ мабал дзорæ,*
*Бони рохсæй мæйдар иссерун…*
*Некæдбал уодзæнæн дæ бæдолæ,*
*Мадæ мин нæбал уодзæй гъерун.*

***(Скъодтати Эльбрус «Мæ мадæн»).***

*Ампъезгай мæ æдзох,*
*Рохсмæ сайгæ фæццудтæ.*
*Рамæ кодтай уæлхонх,*
*Гъе уæдта æрбадумд дæ.*
*Рауæзтæй мæбæл тар,*
*Мегъи сау мæ нимбарзта.*
*Тузмæгæй мæбæл арв*
*Æ уæззау уаргъ нинхуæрста*

***(Къибирти Амурхан «Мадæ»).***

Силгоймаг ци æнкъарæн райгурун кæнуй, е уæд æргомæй, уæд фæсномугæй нивæгонд цæуй дигорон поэтикон уадзимисти:

*Фæццæуй… Ниссурх æй, кедæр къохбæл хуæцгæй.*

*Сæ фæсте ма кæсун, мæ сор хед æртæдзгæй*

***(Колити Витали «Зæрдæ ба»).***

*Æллæх, бæгъæмбадæй*
*«Зингбæл» ниххаттæн...*

***(Къибирти Амурхан «Цигайнаг кизгæ»).***

Ами «зинг» æй уарзти цæхæри хай. Къибирти Амурхани æмдзæвгæ «Сæумæй донгонæй дон…» зæрдæбæл æрлæуун кæнуй Малити Геуæргий æмдзæвгæ «Æлхуйнæ», кæд сæ медес фæйнæхузон æй, уæддæр. Дууеми дæр дзурд цæуй фиццаг бакастæй февзургæ уарзти туххæй. Геуæргий æмдзæвги кизги зæрди цæмæн байзадæй «сагъд сау хъæма»?

*Нæ дæлпазбуни еу бæхгин*
*Фæцæйзиндтæй уæд æваст.*
*Мæ фидбилизæн æ хæццæ*
*Цæмæн фæдтæн æз æнгаст?*
*Æ мед-ходæ æрттивтонцæ*
*Дууæ цæсти сурх зингау.*
*Мæ зæрдæ мин басугътонцæ,*
*Ду ме 'вдесæн, уо, Хуцау!*

Амурхани æмдзæвги «къæйних бæхгин», «зæнхæбæл нæ цæфстæй», ку «нистæфтæй» кизги «сæнт цъæх» цæститæ, уæд фæдздзæгъæл æй:

*Нæбал стæфун мæ раз,*
*Арв мæбæл ниссæр-кин æй...*

Алли поэтæн дæр ес æхе аййевадон æрмдзæф, фал сæ еу кæнуй нуриккон цардмæ рахаст. Сæ царди философи (се 'мдзæвгитæмæ гæсгæ) – цард уарзун æма ин е 'нæраст гъуддæгутæ бухсун, кустæн аргъ кæнун.

Дигорон æвзаги ци гъудитæ æма æнкъарæнтæ æвæрд ес, уони зонгæй, студентти зундирахаст гъæздугдæр кæнуй, рæсугъд æнкъарæнтæ сæмæ игуруй. Уомæ гæсгæ ба нæ бон зæгъун æй – университети дигорон æвзаг ахур кæнун гъæугæ æма ахсгиаг гъуддаг ке 'й, уой.

## САГЪÆССАГ ЗÆГЪУЙНÆГТÆ...




Зундгонд куд æй, уотемæй æрæги циртдзæвæнтæ æвæрд æрцудæнцæ нæ национ литератури номдзуддæр архайгутæ Гурджибети Блашкайæн (Сурх-Дигори) æма Малити Геуæргийæн (Чиколай).

Гъо, е хуарз æма арфиаг гъуддаг æй. Фал е, æвæдзи фагæ нæй, кæрæйкæронмæ сæ цитгин кæнæн, зæгъгæ, нæхецæй ниббоз уæн. Баруагæс уи уæд, нæдæр Блашкайæн æма Геуæргийæн дæр, нæдæр нæ иннæ номдзуд финсгутæн дæр сæ хъазауат, номерæн цирдзæвæнтæ син æвæронцæ, уой туххæй нæ, фал нæ маддæлон æвзаги цардгъондзийнади, сæ фæсте ка фæззиндзæнæй, нæ адæми еци фæлтæртæн æй федауцæй багъæуай кæнуни сæрбæлтау адтæй. Æма си мах ба цæйбæрцæбæл арфиаг ан? Гъулæггагæн, уоййасæбæл нецæйбæрцæ. Ка 'й зонуй, кедæрти зæрдæмæ нæ фæццæудзæнæй аци загъд, æгæр гурумухъ сæмæ фæккæсдзæнæй, фал æндæр хузи куд гъæуама зæгъæн, кæд æма абони нæ дзиллæ цийфæнди цæстæй кæсунцæ нæ газет «Дигорæ» æма журнал «Ирæф»-и уавæрмæ?!. Уавæр ба æй аллайаг – куд нæ федауй, уотæ минкъий адæм сæ рафинсунцæ. Гъеуæхæн æй нæ сæрустурдзийнадæ нæ хъаимæтгун финсгутæй?..



**Финддæс æма авдинсæй анзей размæ (1868 анзи 25 августи) Владикавкази арæзт æрцудæй уруссаг композитор æма æхсæнадон архайæг М. Балакиреви (1836-1910) концерт. Æ рæстæги е дууæ хатти бабæрæг кодта аци сахар.**

*✱ Мужику на заметку: погладить жену намного проще, чем рубашку и брюки.*

*✱ Узнав мои желания, фея сломала волшебную палочку, золотая рыбка уснула, а Хоттабыч вообще побрился.*

*✱ Если вам в жизни не везет, не печальтесь – все еще впереди. Если вам в жизни не везло, тоже не печальтесь – все уже позади.*

### ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ, ÆМБАЛ КÆМÆН НÆЙЙЕС, УÆХÆН ХÆЗНА ÆЙ!..

# ЦАРДÆФСЕС ДÆТТÆГ НИУАЗУЙНÆГТÆ

***Аллибон адæймаги организми тæнгъæди гъæуй 2,5 литри. Сæрдигон ба, анзи иннæ афæнттæй игъаугидæр уомæй фулдæр фæййагоруй зæрдæ. Уомæ гæсгæ, цæмæй тæвдæ бони æдонуг басæттай, уой туххæй агорун райдайæн нæ уарзон ниуазуйнæгтæ. Еуетæ æновуддæр æнцæ ниуазуни æма сауæрдæнттæбæл, иннетæ ба цумунцæ цай, ниуазунцæ рæзи дæнттæ, цуппæрæймæгтæ æхцæуæнæй ниуазун райдайунцæ уазал бæгæни. Фал ке ранимадтан, уонæй фулдæр хæттити æдонуг басæттæн нæ фæууй. Мадта, циуавæр ниуазуйнæгтæ тох кæнунцæ еугуремæй хъæбæрдæр сæрдигон, хори содзгæ тунтæмæ нæ уодхарæй ка фæммаруй, еци æнæбасæтгæ æдонугбæл?***



## АЛЛИХУЗОН ДÆНТТÆ

Рæзи, гагарæзи æма халсарти дæнттæ ‘нцæ дессаги комуазалгæнæн ниуазуйнæгтæ. Уонæми ес витаминтæ æма цæнхитæ, адгин антисептиктæ æма аминотауæггæдтæ дæр. Рæзи дон æй рæуæг хуайраг, бæлвурддæр ба ниуазуйнаг, организми æнцонæй ка батайуй, уæхæн бауæргъæдтæ имæ ке хъæртуй, уой туххæй.

Гъай-гъай, еугуремæй хуæздæр æй нæуæглæмæрст рæзи дон ниуазун. Фал тукæнтти ци рæзи дæнттæ фæууæйæ кæнунцæ, етæ сæ хуæрзгъæдæдзийнадæмæ гæсгæ нæуæглæмæрст рæзи дæнттæй берæ изолдæр лæуунцæ. Ци ниуазис, уой цæмæй базонай, уой туххæй 2001 анзи 1 январæй фæстæмæ нæуæг ГОСТ ес нæ бæсти. Нур финст «натуралон рæзи дон» фæууиндзæнæ, айдагъдæр сæкæр æма лимони тауæггадæ кумæ нæ хъæртуй, уæхæн продукттæбæл. Иннетæ ‘нцæ нектартæ, фал етæ дæр бустæги лæгъуз нæ ‘нцæ.

Уавæр уотæ ‘й, æма кæцидæр рæзæй рæзи кæдзос дон нæ рауадздзæнæ. Рæзи дони æма нектари хецæндзийнадæ уоми ес, æма натуралон рæзи дони пайдайаг хай фæууй 100 проценти. Нектар цæттæгæнгæй ба, исхæлæмулæ унцæ натуралон рæзи дæнттæ, сæкæр кенæ муд, натуралон адгингæнæнтæ, хуайраги тауæггæдтæ, хуарæнтæ, хуæрздæфгæнæн бауæргъæдтæ. Уой хæццæ, рæзи æма халсарти фулдæр хай фæууй 25-50 проценти.

## ЦАЙ



Адгин ка нæ уа кенæ кæрдæгхуз цай, уæдта кæрдæгутæй цай хуарз агъаз кæнунцæ тæвдæ рæстæги. Адæймаги цардархайд гъæддухдæр кæнуй каркадей (сурх цай) деденсифтæй цай дæр. Æ деденсифти лимони тауæггадæ ке ес, уой туххæй ком уазал кæнуй айдагъ тæвдæ рæстæги нæ, фал ма уæлдæргонд температури дæр, уæдта маруй кæцидæр незхæссæг организмти дæр. Сатæггæнæн ниуазуйнаги хузи еугуремæй хуæздæр æй тæвдæ сурх цай цумун, кенæ ба уазал каркаде сæкæри хæццæ.

Кæрдæгхуз цай айдагъ æдонуг нæ сæттуй, фал ма организм гъæздуг кæнуй витаминтæй, минералон бауæргъæдтæ æма берæ æндæртæй. Е æй, витаминтæ C, P, PP æма къуар B-йи берæ витаминтæ кæми ес, уæхæн ниуазуйнаг. Кæрдæгхуз цай фицгæй, уоми сау цаййæй дзæвгарæ фулдæр байзайунцæ минералон бауæргъæдтæ. Япойнæгтæ нимайунцæ, зæгъгæ, сæкæр æма æхсир кæрдæгхуз цайии кæрæдзей хæццæ нæ федаунцæ, хуæздæр, дан, æй уой муди хæццæ ниуазун.

## САУÆРДÆНТТÆ




Диетологтæ куд нимайунцæ, уотемæй цаййæй уæлдай хумæтæги сауæрдæнттæ дæр хъæбæр хуарз сæттунцæ æдонуг. Ниуазуни донæй хецæн кæнунцæ уомæй, æма си ес, организмæн пайда ка ‘й, уæхæн минералон бауæргъæдтæ. Уомæй уæлдай ма уоми ес берæ калоритæ. Фал сæ нæ гъæуй æгæр уазал кæнун. Дохтиртæ куд амонунцæ, уотемæй сæрдигон уæлдай ахиддæр фæззиннуй хъуртинез.

## БÆГÆНИ

Бæгæни ниуазун æй адæймаги рагон традици. Тигр æма Евфрати ‘хсæн шумертæ кæми цардæнцæ, уоми археологтæ иссирдтонцæ, берæ æностæ кæбæл цæуй, уæхæн дортæ, æма сæбæл финст адтæй, бæгæни куд кæнун гъæуй, е. Задæй фунх цудæй бæгæний дзол – баппир, уой фæсте æй листæггондæй никкæниуонцæ боцикъай, дон дæр ибæл раудзиуонцæ æма æй æнгъезунмæ ниуудзиуонцæ.

Рагон цæргутæ бæгæни ниуазтонцæ тростникæй конд сæрмагонд хæтæлтæй, цæмæй, ка нæ батадæй, еци цъæмæлтæ æма хуари гагатæ ма хъор даронцæ хуæрзадæ ниуазуйнагæй мондæгтæ исуадзунæн. Славянæгтæмæ ба бæгæни куд кодтонцæ, уой рахæссæн ес 448-аг анзмæ. Уæлдай хъæбæрдæр бæгæнифицæнтæ рапарахат æнцæ IX æноси Уæрæсей новгородаг зæнхити.

Гъай-гъай, бæгæни æгæр берæ ниуазæн нæйиес. Иронх кæнун нæ гъæуй, е пайда уæд уодзæнæй, æма ‘й минкъий бæрцæй ку ниуазай. Фал бæгæни бæззуй айдагъдæр æнæнез адæймагæн. Ахсæни гъæдгинæй, гастритæй æма уæлдæр тауæггадæй ка сæйуй, уонæн



аци ниуазуйнаг зиан хæссуй æма сæ бæгæний дæлбардзийнадæй гъæуай кæнун гъæуй.

Фал адæм цæйбæрцæ ‘нцæ, уал æнкъарæни сæмæ ес. Сæйрагдæр æй, ци ниуазис, уой адæ дин гъæуама æхцæуæндзийнадæ хæсса. Уомæн æма, уой хæццæ сумах ранихъуæрдзинайтæ уæ хуæздæр æнкъарæнтæ, уæ рахаст фæххуæздæр уодзæнæй, æма е хуарзæрдæмæ фæззиндзæнæй уæхе лæдæрундзийнадæбæл.

***БЕСЛЕХЪОТИ Ирæ,***
***дохтир.***

### ИГЪОСУНКÆНУЙНАГ, ЗОНУЙНÆГТÆ...

## КÆД УÆ ЕСТИ ХАБАР ФЕГЪОСУН КÆНУН ФÆНДУЙ...

**Республикон газет «Дигорæ» хецæн адæймæгутæ, кустуæттæ, кооперативтæ, аллихузон фирмитæ, кинотеатртæ, клубтæ æма салонтæй есуй аллихузон игъосункæнуйнæгтæ – бæрæгбæнттæ, кувдтитæ, киндзæхсæвæртæ æма райгурæн бæнтти фæдбæл арфитæ, тæфирфæстæ, имисæн бæнтти æрмæгутæ, рекламæ.**

**КОСГÆ БÆНТТÆ – авдисæр, геуæргибон, æртиккæг, цуппæрæн, майрæнбон (9 сахаттемæй 18 сахаттей уæнгæ).**

**25-67-03**




### РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се ’мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй:**

**1. Сабурдзийнади Еугурдуйнеуон Совети фиццаг президент ка исæй?**

а) Изабелла Блюм, б) Фредерик Жолио Кюри, в) Ласаро Карденас.

**2. Уруссаг вице-адмиралтæй ке секретарь адтæй зундгонд уруссаг финсæг Иван Гончаров фрегат «Палладæ»-йи зæнхи алливарс балций рæстæг?**

а) Зиновий Рожественский, б) Владимир Корнилов, в) Евфимий Путятин.

**3. Сабурдзийнади тæккæ рагондæр бадзурдтæн сæ игъустгондæр ци адæмти ‘хсæн арæзт æрцудæй, етæ ка ‘дтæнцæ:**

а) Египетæгтæ æма хеттæ, б) Ромæгтæ æма бердзейнæгтæ, в) Финикийæгтæ æма персайнæгтæ.

**4. Pigasis Award, зæгъгæ, нихмæаæрд премий лауреаттæн аллихатт ци исаккаг кæнунцæ хуæрзеуæгæн?**

а) Базургин хъибил, б) Фæкъкъæдзæгонд едуг, в) Æскъотгæнагæ мудзбур.

**5. Французаг ахургонд Бернар Куртуай тикис стъолæй зæнхæмæ рагæлста сæндони тауæгади æма донхали фуники спъирти таддзаги хæццæ æвгитæ. Æма уотемæй циуавæр галоген «игонгонд» æрцудæй?**

а) Йод, б) Хлор, в) Бром.

**6. Номдзуд арктикон æсгарæг æма е ‘мгустгæнгути æнæбари æзмæлæг ехмæ разагъди советон тæхгутæй ка бахъæртун кодта?**

а) Валерий Чкалов, б) Николай Байдуков, в) Михаил Водопьянов.

**7. Адæмон зартæй еуеми ес уæхæн загъд: «Ду кæмæн адтæ, ду кæмæн нæбал дæ!..» Уой Ирон театри номдзуд артисттæй уæлдай ахид ка зæгъидæ?**

а) Таутиати Соломон, б) Тæбæхсæути Бало, в) Саламти Къола.

**8. Кæци анзи арæзт æрцудæй Хуæнхон Автономон Советон Социалистон Республикæ?**

а) 1918, б) 1920, в) 1923.

**9. Хетæгкати Къостай номбæл Цæгат-Иристони паддзахадон университети развæдгæнæг адæмон ахуради Хуæнхон институти фиццаг рауагъд адтæй 1923 анзи. Цал адæймаги æй фæцæнцæ каст?**

а) Дууæ, б) Фондз, в) Дæс.

***

**Раст дзуæппитæ нæ газети 29-аг номери фарстатæн:**

**1.** Императори номбæл ци курдиæдтæ цудæй, уони туххæй ин игъосун кодта. 2. Дæлдондзæуæг. 3. Нартихуар. 4. Дзумари. 5. Белорусси. 6. Эмиль Ленneберг. 7. Коцойти Арсен. 8. 1923 анзи. 9. Чогори.

Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

Газет исаразæг æма уадзæг: РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

Редакций адрес: 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
E-mail: gazeta-digora@inbox.ru.
Нæ газети сайт: http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.
Рафинсуни индекс: 73946.
Тираж 650. Заказ № 1806.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 18.08.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 18.08.2023.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.